

SYMBOLE DES APÔTRES

Mwen kwè nan Bondye, Papa a ki gen tout Pouwwa. Li kreye syèl la ak tè a. Mwen kwè nan Jezi Kri, sèl pitit Bondye. Li se Granmèt nou an. Se pa pouwwa Lespri Sen an kò li vin fèt nan vant Mari ki vyèj e li tounen yon moun. Li soufri sou rengn Pons Pilat, yo klourel' sou kwa a, Li soufri e yo antere li. ki gen tout Pouwwa. Li gen pou' retounen pou jije ni moun k'ap viv ni moun ki mouri. Mwen kwè nan Lespri Sen an. Mwen kwè Legliz la Sen e li la pou tout moun. Mwen kwè tout byen zanmi Bondye yo fè sèvi lòt yo. Mwen kwè peche yo jwenn padon. Mwen kwè kò moun ki mouri yo va leve byen vivan. Mwen kwè nan lavi ki pap janm fini an. Amèn.

“Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an” (Jan 3:16).

“Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l', se lè sa a Bondye fè l' gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li” (Ròm 10:9-10).